




KRIYE SE YON BAGAY NÒMAL

Lè w paran yon bebe ki fenk fèt, se youn nan bagay ki pi satisfèzan men pi difisil w ap janm fè nan vi w. Prèske pyès moun santi yo prepare premye fwa yo devni paran, sitou pou yon bebe ki fenk fèt. Enfòmasyon annapre yo kapab ede w konprann kisa ki natirèl ak kisa pou atann ak bebe ki fenk fèt ak kisa yon paran oubyen gadyen ka fè pou pran swen yo nan yon manyè ki sanitè ak nourisan. Kriye se yon konpòtman nòmal nou atann tout bebe yo fè. Se konsa yo kominike si yo gen yon bezwen. Sonje akwonim swivi a:



ALL (TOUT)



BABIES (BEBE)



CRY (KRIYE)

Lefèt ke nou konnen tout bebe konn kriye sa pa vle di li p ap vin fristran oubyen menm akablan pou paran oubyen gadyen jere. Nou ofri gid sa a pou ede anpeche blesi oubyen menm lanmò bebe aksidantal an konsekans Sendwòm Bebe ki Souke.

EDIKE TÈT OU

Kisa ki Sendwòm Bebe ki Souke/Chòk Abizif nan Tèt? Sendwòm Bebe ki Souke/Chòk Abizif nan Tèt fèt lè yon moun souke yon bebe avèk fòs, ki lakòz blesi grav tankou domaj nan sèvel, avègleman, oubyen menm lanmò. Se bebe nan laj 3 a 6 mwa ki gen pi gwo risk pou sa a.

KONSÈY POU KALME YON BEBE K AP KRIYE

Bezwen Debaz: Asire bebe a pa grangou oubyen bezwen chanje kouchèt.

Kontwòl Sante: Si li sanble timoun nan pa byen, konsilte doktè.

Mouvman: Mennen bebe a pwomene nan pousèt oubyen vire nan machin

Pozisyon ki pou bay Konfò: Kenbe bebe a dwat sou zepòl ou.

Souse: Ede bebe a souse sousèt oubyen pous li.

Balanse: Balanse bebe a dousman nan bra w.

Son ki Soulaje: Pale dousman, chante, oubyen jwe mizik ki soulaje

Soulaje Gaz: Tcheke si bebe a gen gaz epi tante soulaje li.

PRAN SWEN TÈT OU

- Rale gwo souf.
- Fè spò oubyen pale ak yon moun.
- Fè mizik, fè lekti, oubyen gade televizyon.
- Mande yon moun ou fè konfyans ede w.

Li vrèman “pran tout yon vilaj” pou elve timoun.

Kreye yon sistèm sipò pou ede sipòte w ak pitit ou se yon bagay ki esansyèl. Si sa posib, planifye davans epi idantifye moun kle ou ka konte sou yo lè bagay yo vin akablan avèk bebe w. Yon endividi ki djanm mande èd lè l bezwen. Bebe w va remèsye w!




GAYE NOUVÈL LA

- Pataje gid sa a avèk lòt moun.
- Edike babysitters ak gadyen ki te ka okipe bebe w.
- Sipòte zanmi w yo ak fanmi w yo ak bebe pa yo.

SONJE SA A:

Kriye pa fè yon bebe mal... men SOUKE fè l mal! Pinga w Janm Souke yon Bebe! Si w sispèk yon moun te souke yon timoun, ale nan sal dijans ki pi pre w la touswit. Pou plis enfòmasyon, kontakte pwogram Anpeche Abi Timoun Indiana a . Pataje konsepsyon ede pwoteje timoun.



PREVANSYON & RESOUS

Gen etid ki montre konsa, atravè edikasyon famiyal ak pwogram sipò, nou ka kwape sik abi ak neglijans lan. Pwogram ki bay sipò, enfòmasyon ak entèvansyon bonè se pi bon fason pou ede paran abizif ak fanmi ki sou risk abi.



ENFO AK RESOUS

Pou plis enfòmasyon, ak resous, sou prevansyon ak lavi paran, ale sou sitwèb nou ki sou **www.pcain.org**, rele **1.800.CHILDREN** (1.800.244.5373), oubyen rele **Liy Asistans 2-1-1 an**.



RAPÒTE ABI TIMOUN

Pou rapòte abi ak neglijans timoun, tanpri rele **1.800.800.5556**



SIPÒTE EFÒ NOU YO

Ede sipòte efò nou yo nan tout eta a pou anpeche abi ak neglijans timoun lè w achte yon Plak Machin Kids First. Pase nan BMV lokal ou a oubyen sou **www.in.gov/dcs/2456.htm** pou plis enfòmasyon.



Pèsòn moun gen dwa abandone yon bebe. **Lalwa Indiana sou Abri Sekirite** pèmèt moun remèt yon bebe yo pa vle defason **anonim** san pa bezwen pè pou yo arete w oswa pouswiv ou.

Yon paran, fanmi, zanmi, minis oswa prèt, travayè sosyal oubyen nenpòt moun ki responsab kapab renonse gad yon bebe ki pi piti pase laj 30 jou nan Indiana...



LOPITAL



POLISYE



DOKTÈ



**PONPYE OUBYEN NAN YON
“BWAT SEKIRITE” KI SITYE NAN
KAZÈN PONPYE SPESIFIK**



ENFIMYÈ



**MEDSEN PARAMEDIKAL
OSWA TEKNISYEN
MEDIKAL DIJANS**



**OUBYEN LÒT MOUN KI FOUNI
SWEN MEDIKAL DIJANS**

Depi pa gen siy abi entansyonèl sou bebe a, yo pa egzije okèn enfòmasyon sou moun k ap kite bebe a. Nou t ap apresye nenpòt enfòmasyon sou dat nesans, ras, istorik medikal paran, sante timoun nan oubyen nenpòt bagay ki t ap itil pou gadyen timoun nan anpil (tankou maladi sik, VIH oswa lòt istorik medikal fanmi a).

NOUVO LEJISLASYON

Apati 1e Jiyè 2018, yo pase nouvo lejislasyon ki enkli aparèy sekirite pou bebe ki fenk fèt. Pou plis edike tèt ou sou kisa ki defini nan lejislasyon sila a, tanpri ale sou <https://tinyurl.com/mvktk9vx>. Men kèk rezime brèf:

- A** Yon founisè sèvis medikal dijans dwe, san òdonans tribinal, pran nan gadavi yon timoun ki, oubyen ki sanble, pa gen laj plis pase trant (30) jou si paran timoun nan kite li nan men founisè a volontèman, nan yon aparèy sekirite pou bebe ki fenk fèt ki te apwouve, oubyen si paran an pa eksprime entansyon pou li tounen dèyè bebe a.
- B** Yon founisè sèvis medikal dijans ki pran timoun nan gadavi selon seksyon sa a dwe pèfòme kèlkeswa aksyon ki nesèsè pou pwoteje sante fizik oswa sekirite timoun nan.
- C** Nenpòt moun ki, nan bon fwa, kite yon timoun nan men yon founisè sèvis medikal dijans volontèman, oubyen nan yon aparèy sekirite pou bebe ki fenk fèt ki apwouve, pa oblije divilge non paran an (yo)/moun nan (yo).

- D** Yon lopital ki apwouve operasyon yon aparèy sekirite pou bebe ki fenk fèt, epi ki satisfè egzijans ki tabli yo, gen iminite kont responsabilite sivil pou yon aksyon oswa omisyon ki gen rapò ak operasyon aparèy sekirite pou bebe ki fenk fèt la sòf si aksyon an oswa omisyon an konstitye gwo neglijan oubyen move kondwit volontè.
- E** Yon aparèy sekirite pou bebe ki fenk fèt ki dekri nan sou-seksyon (a)(1)(C) kapab kontinye ap opere san li pa satisfè kondisyon yo ki tabli nan sou-seksyon (a)(1)(B).

REMAK: Yon fwa yo fin egzamine bebe a epi bay li trètman medikal (si li bezwen sa), Ministè Sèvis Timoun Indiana a pral pran bebe a nan gadavi atravè Sèvis Pwoteksyon Timoun kote yo pral plase li nan men yon gadyen.

Plis enfòmasyon sou: www.nationalsafehavenalliance.org

PLIS APWOPO NOU MENM

Anpeche Abi Timoun Indiana devwe nan anpeche abi ak neglijan timoun. Lè nou fè sa, nou fè Indiana vin yon kote ki pi sekirite e pi bon pou timoun nou yo.



ENFO AK RESOUS

Paran ka resevwa konsèy gratis epi diskite sou tout tip opsyon konsènan sityasyon an si yo rele **Liy Asistans Abri Sekirite Nasyonal la 1-866-992-2291** oubyen anliy sou www.SHBB.org. Epitou yo kap rele Liy Resous 2-1-1 an, oubyen **Liy Asistans pou Sante Mantal nan 988**.



RAPÒTE ABI TIMOUN

Pou rapòte abi ak neglijan timoun, tanpri rele **1.800.800.5556**



SIPÒTE EFÒ NOU YO

Ede sipòte efò nou yo nan tout eta a pou anpeche abi ak neglijan timoun lè w achte yon Plak Machin Kids First. Pase nan BMV lokal ou a oubyen sou www.in.gov/dcs/2456.htm pou plis enfòmasyon.



JERE TRAVAY KI PI DI A:

Konbyen moun ou konnen ki ta repòn piblisite konsa?

NOU BEZWEN ÈD!

N ap chache Paran de Kalit

Wòl pou gason oubyen fi

Orè doub oubyen trip

Pa gen konje nan wikenn ni jou fèt!

SALÈ KÒMANSE A \$0.00 / H R

 **Nenpòt No. 242477, Nenpòt Vil**



18 LANE

Angajman Alontèm
(18 Lane Minimòm)



GWO ANDIRANS

Andirans Fizik ak Emosyonèl
San Limit Obligatwa

Salè ba, anpil satisfaksyon

PRATIKE SWEN POU TÈT OU:

Pa gen paran ki pafè! Tout moun konn bezwen èd yon lè konsa. Lavi antanke paran se youn nan wòl ki pi difisil nan lavi, men se pou wòl sa nou jwenn pi piti fòmasyon. Menm jan ak tout sa w anvi fè byen, lè paran li mande aprann diferan fason pou fè travay la avèk plis efikasite. Eseye ide sa yo pou jere estrès pou ka atenn potansyèl maksimòm ou antanke paran.

• Retire Tèt Ou

Rale gwo souf, fè ti pwomene, fèmen je w epi konte rive nan dis, fè mizik, gade yon ti televizyon yon ti tan oubyen imajine tèt ou sou yon bèl plaj avèk solèy cho e yon ti briz dous — annik retire tèt ou nan sityasyon an. Pran yon vakans mantal brèf ka renmèd la pou fè fas ak estrès avèk yon nouvo pèspèktiv.

♦ Jwenn Sipò

Konte sou fanmi w ak zanmi w pou sipò. Kontakte moun ki fè w santi w byen de tèt ou, ki ba w lespwa, oubyen fè w santi moun renmen w. Trete lit ansanm avèk yo oubyen menm pwograme yon tan pou yo gade pitit ou pou ba w yon ti repo nan parantalite. Pwograme yon pòz anvan sityasyon an vin kritik se yon bagay ki entèlijans epi li ka ba w yon bi pou w gade avèk antisipasyon.

♦ Rete an Sante

Kenbe tèt ou an sante. Manje yon rejim ekilibre, fè spò regilyèman, dòmi ase, epi fè byennèt fizik ou yon priorite. Fè sa a ka vle di ou konte sou fanmi w oubyen zanmi w pou yo okipe pitit ou — men li enpòtan pou kenbe kò w an fòm pou fè fas ak defi ki genyen nan lavi paran.

• Fè yon Lis

Fè yon lis de bagay ou renmen fè epi FÈ YO!! Chwazi kèk bagay epi pran tan pou fè yo. Mande fanmi w ak zanmi w ede w. Se yon bon fason pou soulaje estrès.

♦ Antisipe Pwoblèm

Antisipe gwo pwoblèm. Si timoun piti ou renmen jwe avèk stereyo a, epi sa deranje w, deplase stereyo a. Ranplase li avèk jwèt ki enteresan ki pa danjere. Lè w kreye yon zòn espesyal pou pitit ou jwe, ou kapab anpeche pwoblèm anvan yo fèt.

♦ Pale De Estrès

Pale avèk yon konseye, yon moun ou fè konfyans oubyen yon zanmi w de estrès ou. Pafwa sa ede jis pou w ekspriime santiman w yo.

♦ Mit Lib de Estrès

Paran lib de estrès se yon mit — men ou ka jwenn fason pou jere emosyon w yo pou devni yon paran ki pi efikas.

PLIS APWOPO NOU MENM

Anpeche Abi Timoun Indiana devwe nan anpeche abi ak neglijans timoun. Lè nou fè sa, nou fè Indiana vin yon kote ki pi sekirite e pi bon pou timoun nou yo.



ENFO AK RESSOUS

Pou plis enfòmasyon, ak resous, sou prevansyon ak parantalite, ale sou sitwèb nou oubyen rele **1.800.CHILDREN** (1.800.244.5373), Liy Asistans Dijans ki se **211**, oubyen Liy Asistans pou Swisid la **988**.



RAPÒTE ABI TIMOUN

Pou rapòte abi ak neglijans timoun, tanpri rele **1.800.800.5556**



SIPÒTE EFÒ NOU YO

Ede sipòte efò nou yo nan tout eta a pou anpeche abi ak neglijans timoun lè w achte yon Plak Machin Kids First. Pase nan BMV lokal ou a oubyen sou www.in.gov/dcs/2456.htm pou plis enfòmasyon.



EDIKE TÈT OU

Sant pou Kontwòl Maladi a (CDC) rapòte se pi gwo kòz blesi ak lanmò pou timoun laj 1 a 4 an nan tout peyi a. Chak jou Ozetazini, gen yon mwayen 11 lanmò ki fèt pa entansyonèlman, avèk yon total anyèl de prèske 4,000 mò. Nan Indiana, yon total 216 ka lanmò pou moun ki nwaye ki te fèt ant 2018 ak 2021.

Sipèvizyon

Nou dwe siveye timoun konstanman depi gen yon dlo toupre a, menm si timoun nan konn naje. Asire toujou gen yon moun ki toupre timoun nan, espesyalman timoun ki pi piti pase laj 5 an.

Pa Kite Jwèt Pou Kont Yo

Pa janm kite jwèt nan dlo, kòm timoun ka eseye antre dèyè yo. Epitou, nou dwe evite sèvi ak flote klò ki nan fòm ti bèt/jwèt tou si w gen timoun piti.

Jete Dlo

Vide ti pisin potaje, benwa, bokit, oubyen nenpòt bagay ki ka kenbe dlo, epi vire yo tèt anba.

Pisin

Kouvèti sekirite pou pisin ak alam bay plis pwoteksyon. Gade nan dlo ki nan tout pisin pou asire dlo a pa nyaje.

Pisin Kominotè

Si w gen yon pisin kominotè, asire gen yon sovtè ki prezan, men sovtè yo pa babysitter!

Pisin Anwo Latè

Kenbe nechèl, mèb patyo ak jwèt lwen pisin anwo latè yo. Timoun piti pi fò nan grenpe pase sa w ka panse.

Distraksyon

Minimize distraksyon (selilè, aparèy elektwonik, vizite lòt moun).

Kloti ak Pòtay

Lite pou gen kloti ak pòtay ki fèm ak kle nan pisin piblik, letan retansyon oubyen kèlkeswa plan dlo. Se sèl granmoun ki dwe gen kle. Nou rekòmande kloti 4-bo ki wotè omwens 4 pye. Baryè a dwe enkli yon pòt ki fèm pou kont li, epi ki take pou kont yo ki timoun pa ka lonje rive sou yo pou louvri yo. Mèb pisin dwe rete lwen kloti a konsa yo pa ka kanpe sou yo.

Edikasyon pou Timoun

Montre timoun yo ki danje ki genyen nan dlo, enpòtans jilè sovtaj ak plonje nan dlo ki pa fon. Montre menm timoun ki pi gran yo ki danje ki genyen nan benyen nan rivyè oubyen lak san bon sipèvizyon oubyen jilè sovtaj. Raple yo sou danje nan plonje oubyen jonpe nan dlo, espesyalman si yo pa ka wè tèt anba a. Jwèt danjere se pa yon bagay pou fè nan dlo.

Dlo Konjele

Evite glas sou lak, letan, sous dlo, ak pisin. Li difisil konnen si glas la pwès oubyen stab. Tonbe atravè glas la kapab lakòz moun nwaye, mouri, oubyen lòt konplikasyon sante grav tankou ipotèmi.

Evite Alkòl

Bwè alkòl bò dlo kapab yon gwo risk. Entoksikasyon ka afekte jijman w, li ka mennen nan konpòtman kote moun pran plis risk, mank kowòdinasyon, ak tan reyaksyon ki afekte.

EDIKE TÈT OU KONTINYE

Tanperati

Nou dwe fikse aparèy chofaj dlo lakay sou 120° Fahrenheit. Epitou, paran ak gadyen ka ajoute aparèy anti-brili pou asire dlo cho nan kay la an sekirite pou timoun.

Sekirite pou Timoun Piti

Kenbe kouvèti chèz twalèt yo desann alantou timoun piti

Se Lalwa

Lalwa nan Indiana di timoun ki pi piti pase laj 13 an dwe mete yon Jilè Sovtaj ki Apwouve pa Gad Kòt Ameriken an pandan yon bato ap kouri. Jilè sovtaj pa ranplase sipèvizyon adilt.

Leson Natasyon

Anwole pitit ou ak ou menm nan yon kou natasyon. Leson natasyon kritik pou anpeche lanmò nan nwaye.

Edikasyon Sekou


Aprann CPR epi kenbe ekipman sekou, telefòn ak nimewo pou rele nan ka dijans toupre tout pisin.

Babysitter ak Fanmi

Edike tout moun ki ka veye pitit ou sou sekirite nan dlo. Enspekte pwopriyete yo epi mande yo sou kèlkeswa potansyèl pou pitit ou te ka bò dlo.

PLIS APWOPO NOU MENM

Anpeche Abi Timoun Indiana devwe nan anpeche abi ak neglijans timoun. Lè nou fè sa, nou fè Indiana vin yon kote ki pi sekiritè e pi bon pou timoun nou yo.



FÈ YON PLAN

Tout moun renmen dlo, epi li ka pòte anpil plezi, men o menm tan li ka pòte trajedi tou. Avèk planifikasyon senp nou ka ede asire sekirite tout moun.

PCAIN.ORG



ENFO AK RESOUS

Pou plis enfòmasyon sou prevansyon ak parantalite, ak resous, ale sou sitwèb sou oubyen rele **1.800.CHILDREN** (1.800.244.5373)



RAPÒTE ABI TIMOUN

Pou rapòte abi ak neglijans timoun, tanpri rele **1.800.800.5556**



SIPÒTE EFÒ NOU YO

Ede sipòte efò nou yo nan tout eta a pou anpeche abi ak neglijans timoun lè w achte yon Plak Machin Kids First. Pase nan BMV lokal ou a oubyen sou www.in.gov/dcs/2456.htm pou plis enfòmasyon.



KIYÈS KAP VEYE PITIT OU?

ÈSKE W TE KONNEN?

Lè w ap kite pitit ou nan men yon patnè oubyen gadyen, ou atann moun sa bay menm swen ou ta bay—men pa toujou gen garanti pou sa. Anpil moun ka ede okipe timoun, ki enkli moun ki gen pwoblèm sante mantal, konsomasyon sibstans ilegal, pwoblèm kòlè, oubyen vyolans domestik, ki ògmante risk abi ak neglijan. Gadyen ka manke eksperyans oubyen gen atant pou timoun ki pa reyalis. Li kritik pou kominike atant ou yo klèman pou asire sekirite pitit ou, kòm yon sèl moman kote yon moun pèdi kontwòl tèt li ka lakòz domaj grav kont yon timoun piti.

Ou te ka ap fè yon erè fatal. Pase tan ap gade patnè w/gadyen an ansanm avèk pitit ou anvan w kite yo ansanm pou kont yo. Gade entèaksyon an. Asire ou menm avèk pitit ou konfòtab epi entèaksyon an apwopriye.

ÈSKE PATNÈ W/GADYEN AN

- Atann pitit ou pral fè bagay ki pa reyalis pou laj li?
- Reyaji defason egzajere depi pitit ou vyole règ yo oubyen pa swiv enstriksyon?
- Demontre kòlè oubyen mank de pasyans lè pitit ou kriye oubyen fè kòlè?
- Rele pitit ou move non oubyen di pitit ou bagay ki mekan?
- Twouve li komik pou li fè pitit ou pè?
- Fè pitit ou mal?
- Bwè twòp alkòl oubyen konsome dwòg alantou pitit ou?

Si w te repòn “wi” pou menm youn nan kesyon sa yo, pitit ou te ka sou risk. Fè sa w dwe fè a – chwazi ki moun ou pèmèt okipe pitit ou avèk anpil atansyon.



KISA YON GADYEN BEZWEN KONNEN

Fè Fas ak Kriye

- Sa ki plis ede bebe w sispann kriye. Montre patnè w/gadyen an kòman pou li soulaje bebe w anvan w ale.
- Mete bebe a nan yon kote an sekirite epi rele touswit si bebe w pa vle sispann kriye.
- Sa pitit ou renmen fè ak ki jwèt li renmen jwe avèk yo. Montre patnè w/gadyen an kòman ou menm ak pitit ou renmen jwe ansanm.

Dòmi An Sekirite

- Bebe w toujou dòmi pou kont li epi li pa janm dwe dòmi avèk yon adilt oubyen yon lòt timoun.
- Bebe w toujou dòmi sou do li nan yon bèso/basinèt/Pack 'n Play epi nou pa janm dwe mete li dòmi sou kanape, chèz, oubyen nenpòt kalite kabann mou.

Kouchèt/Twalèt

- Kòman pou fè twalèt oubyen chanje kouchèt sou pitit ou. Fè yo konnen li oke si pitit ou fè aksidan.
- Asire ou kite rad pwòp ak kouchèt nan men yo.

Manje

- Konbyen pitit ou konn manje dabitid epi li oke si pitit ou pa fin manje tout sa ki devan li a.
- Li oke si li sal kò li avèk manje!

Sekirite Nan Dlo

Toujou veye pitit ou pandan li nan benwa a, pisin, plan dlo oubyen lòt bagay ki plen dlo, tankou twalèt.

Disiplin

Pa janm kale, rele, voye bagay, souke, ni bay pitit ou kou.

KISA OU KA FÈ?

Pandan W Ap Sòti Lakay W

- Kite nimewo telefòn ou ak lòt nimewo pou rele nan ka dijans.
- Fè patnè w/gadyen an konnen li oke si yo rele w pou w ede yo.
- Tcheke avèk gadyen an pandan w pa la.

Lè W Rive Lakay W

- Mande patnè w/gadyen an kisa yo te fè pandan ou pa t la a.
- Mande pitit ou si li renmen patnè w/gadyen an apre w ale.
- Veye konpòtman pitit ou, espesyalman ti bebe ak timoun piti. Èske li sanble pitit ou pasifik ak kontan?
- Si w sispèk gen yon bagay ki pa nòmal avèk pitit ou oubyen si li te blese, chache èd touswit.

Anseye Pitit Ou

- Non yon vwazen konfyans pre lakay w yo ka rele oubyen ale lakay yo si yo panse yo an danje.
- Kòman pou yo rele “911” nan ka dijans.
- Li oke pou yo pale avè w sou nenpòt pwoblèm oubyen sousi yo te ka genyen avèk patnè a/gadyen an.

Chache yon Sant Gadri Timoun oubyen Gadyen

- Èske gadyen an oubyen sant gadri a gen lisans e sètifye?
- Konbyen to adilt pou timoun nan ye?
- Kòman pwopriyete yo a ye ... èske gen kote ki kache, aza dlo?
- Se pou w TRÈ klè sou zafè pratik Dòmi an Sekirite.
- Rele oubyen fè yon pase sanzatann pandan lajounen epi mande “kote pitit mwen an ye kounye la?”

RESOUS

- Pou plis konsèy pou paran ak enfòmasyon sou resous lokal, rele **1-800-CHILDREN** oubyen “211”.
- Pou enfòmasyon ak sèvis gratis pou vyolans domestik rele Liy Asistans Nasyonal pou Vyolans Domestik lan **1.800.799.7233**
- Rele “988” avèk kesyon sou Sante Mantal.
- Pou rapòte abi oubyen neglijan timoun ou sispèk, rele Liy Asistans Indiana a pou Abi/Neglijan Timoun **1.800.800.5556**



PLIS APWOPO NOU MENM

Anpeche Abi Timoun Indiana devwe nan anpeche abi ak neglijan timoun. Lè nou fè sa, nou fè Indiana vin yon kote ki pi sekirite e pi bon pou timoun nou yo.



ENFO AK RESOUS

Pou plis enfòmasyon sou prevansyon ak parantalite, ak resous, ale sou sitwèb sou oubyen rele **1.800.CHILDREN** (1.800.244.5373)



RAPÒTE ABI TIMOUN

Pou rapòte abi ak neglijan timoun, tanpri rele **1.800.800.5556**



SIPÒTE EFÒ NOU YO

Ede sipòte efò nou yo nan tout eta a pou anpeche abi ak neglijan timoun lè w achte yon Plak Machin Kids First. Pase nan BMV lokal ou a oubyen sou www.in.gov/dcs/2456.htm pou plis enfòmasyon.

ANSANM, PREVANSYON POSIB.